

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Dina kahirupan masarakat Sunda, karya sastra anu sumebar téh bisa ditilik tina wangun lisan jeung tulisan. Dina wangun tulisan mah, di antarana anu sumebar téh nyaéta novél. Asupna novél kana sastra Sunda téh mangrupa pangaruh sastra barat, utamana Walanda. Novél anu munggaran dina sastra Sunda nyaéta *Baruang ka nu Ngarora* karangan Daéng Kanduruan Ardiwinata. Salian ti D.K. Ardiwinata, réa para pangarang anu medalkeun novél, novél anu dikarangna ogé rupa-rupa, aya nu kainspirasian ku kaayaan sosial, ku kaayaan kulawarga, jeung ku kaayaan budaya.

Para pangarang bébas nyipta palaku jeung masalah saluyu jeung imajinasina. Kitu deui jeung Yoséph Iskandar, ku kaparigelanana nulis novél *Prabu Wangisutah* bisa ngagambarkeun pengkuhna Wastu Kancana nu teu purun gancang-gancang diistrénan jadi raja Sunda tur nyaritakeun kumaha cinta segitiga antara Wastu Kancana, Déwi Sarkati, jeung Déwi Mayangsari. Éta novél nu ngagunakeun *setting* sajarah téh suméndérna ngagunakeun sumber tina naskah Wangsakerta ti suwargina Saléh Danasasmita. Yoséph Iskandar tapis pisan ngagambarkeun kahirupan jeung alam pikiran tokoh-tokohna.

Dina novél *Prabu Wangisutah* katitén kumaha pribadina Wastu Kancana nu jadi tokoh utama dina éta carita, nyanghareupan pasualan jeung intrik di lingkungan karajaan; kumaha peran Wastu Kancana di lingkungan kulawarga jeung sosialna; jeung kumaha wijaksanaan Wastu Kancana dina narima kaasih ti Déwi Sarkati jeung Déwi Mayangsari. Yoséph Iskandar katitén ahli dina ngagambarkeun pribadi Wastu Kancana nepi ka pamaca bisa napsirkeun jeung ngeunteung kana éta novél.

Salian ti *Prabu Wangisutah*, Yoséph Iskandar ogé ngarang tujuh novél sajarah séjénna nu mangrupa runtuyan tina sajarah karajaan Sunda. Éta novél téh nyaéta novél *Perang Bubat* (1988), *Wastu Kancana* (1989), *Prabu Wangisutah* (1991), *Tanjeur na Juritan Jaya di Buana* (1991), *Pamanahrassa* (1991), *Putri*

Subanglarang (1991), *Prabu Anom Jayadewata* (1996), jeung *Tri Tangtu di Bumi* (1996).

Minangka hiji gejala sosial, novél anu ditulis dina kurun waktu nu tangtu bakal raket patalina jeung norma-norma sarta adat-istiadat nu tumuwuh dina éta jaman. Dina novél *Prabu Wangisutah* katitén norma katut adat istiadat anu tumuwuh dina abad ka 14-16 M. Hartina, dina karya sastra bisa katémbong kumaha kahirupan moral jeung budaya hiji masarakat nu mangrupa eunteung tina kahirupan sarta karakter urang Sunda harita.

Salah sahiji karakter anu bisa diguar dina novél *Prabu Wangisutah* nyaéta ngeunaan moral nu moal bisa leupas dina kahirupan manusa, boh pikeun dirina boh pikeun manusa séjénna. Nurutkeun Suséno (dina Budiningsih, 2008, kc.24) moral téh nyoko kana hadé goréngna manusa, jadi widang moral mangrupa widang kahirupan manusa nu dititénan tina kahadéan salaku manusa. Salian ti éta, moral mangrupa tinimbangan nu dipaké ku masarakat dina ngukur hadé goréngna pasipatan hiji jalma, lantaran saéstuna moral téh lain saukur dipikawanoh tapi kudu dilarapkeun dina kahirupan sapopoé, dina harti nerapkeun moral anu hadé sarta ngajauhan kana moral anu goréng.

Sakumaha nu ditétélakeun ku Semi (1985, kc. 20) yén unggal jalma miboga kasempetan pikeun méré tafsiran kana hiji karya sastra lantaran hakékat sastra téh *poliinterpretable*. Ku lantaran kitu, unggal jalma bisa nangtukeun ajén, harti, ma'na, sarta hakékat tina salah sahiji karya sastra nu bisa disebut minangka kagiatan kritik sastra. Salah sahiji kritik sastra anu bisa digunakeun dina nganalisis sastra nyaéta kritik objéktif anu ku Teeuw (2015, kc. 103) disebut pamarekan strukturalisme.

Iskandarwassid (2016, kc. 227) ngécéskeun yén:

“Struktur nyaéta corak rakitan (susunan) komponén-komponén karangan nepi ka ngahasilkeun wujud karya sastra; gembleg boga ma'na. Dina prosa upamana kumaha ngaréka-réka unsur téma, galur, tokoh jeung latar nepi ka bisa ngawujud jadi carita pondok atawa novél”

Nalungtik atawa maluruh struktur carita dina novél kawilang penting, sabab masarakat jaman ayeuna utamana siswa sakola perlu mikanyaho kana karya sastra Sunda tur mikanyaho kana komponén-komponén naon waé anu ngawangun hiji novél. Éta komponén-komponén téh kayaning: téma, sarana carita jeung fakta

carita saperti tokoh jeung *penokohan*, latar, galur, gaya basa, jeung amanat nu aya dina novél.

Ieu panalungtikan dipatalikeun jeung pangajaran di sakola, sangkan rumaja Sunda ayeuna wanoh kana karya sastra Sunda hususna novél tur bisa ngajembaran pangaweruh sarta pamahaman dina ngaprésiasi karya sastra. Novél *Prabu Wangisutah* karya Yoséph Iskandar bisa dijadikeun bahan ajar, sabab éta novél eusina saluyu jeung émosional siswa SMA sarta euyeub ku ajén-ajén kahirupan tur bisa pikeun ngaronjatkeun minat maca siswa kana karya sastra.

Aya sababaraha karya ilmiah dina wangun skripsi anu ngaguar ngeunaan struktur carita jeung moral di Departemen Pendidikan Bahasa Daerah, di antarana, (1) “Ulikan Struktural jeung Ajén Moral dina Kumpulan Carpon *Sanggeus Umur Tunggang Gunung* Karya Usép Romli H.M pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP”, ku Pepy Sri Anjarsari (2015); (2) “Struktur Intrinsik jeung Ajén Moral dina Dongéng nu aya di Kacamatan Cibadak Kabupatén Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP”, ku Siti Mutiara Fadhilthusy (2014); (3) “Struktur Carita jeung Ajén Moral dina Novél *Kakarén Revolusi* Karya Tatang Sumarsono pikeun Bahan Pangajaran Maca di Kelas XI SMA”, ku Yanwar Achmad Najid (2015); (4) “Analisis Struktural Novél *Tri Tangtu di Buana* Karya Yoséph Iskandar pikeun Bahan Pangajaran Maca di Kelas XI”, ku Muhammad Yogi Hamdani (2013).

Sakumaha anu ditataan, tétéla yén panalungtikan dina wangun moral dina wangun karya ilmiah geus loba, tapi dina objék panalungtikan nu teu sarua. Dina ieu panalungtikan mah objékna novél *Prabu Wangisutah*. Dumasar kana éta hal, ieu panalungtikan téh dijudulan “Analisis Struktural jeung Moral dina Novel *Prabu Wangisutah* Karya Yoséph Iskandar pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMA”.

1.2 Rumusan Masalah

Ieu panalungtikan téh museur kana ulikan struktural jeung aspék moral dina novél *Prabu Wangisutah* karya Yoséph Iskandar pikeun bahan pangajaran maca novél di SMA. Ieu panalungtikan bisa diidentifikasi jadi sababaraha masalah anu

patalina jeung (a) struktur carita novél *Prabu Wangisutah* karya Yoséph Iskandar dumasar kana téma, fakta carita (galur, tokoh jeung penokohan, jeung latar), jeung sarana carita (judul, puseur sawangan, gaya basa, amanat), (b) aspék moral nu nyangkaruk dina novél *Prabu Wangisutah* karya Yoséph Iskandar, sarta (c) bahan pangajaran nu dipatalikeun jeung ieu panalungtikan.

Dina unggal panalungtikan tangtuna aya masalah-masalah nu diguar. Dina ieu panalungtikan, dumasar kana idéntifikasi masalah, aya sawatara rumusan masalah anu disusun dina wangun patalékan, saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita nu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita novél *Prabu Wangisutah* karya Yoséph Iskandar?
- 2) Kumaha aspék moral nu nyangkaruk dina novél *Prabu Wangisutah* karya Yoséph Iskandar?
- 3) Kumaha larapan hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca novél di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun aspék moral nu nyangkaruk dina novel *Prabu Wangisutah* karya Yoséph Iskandar sangkan aspék moral anu aya dina carita bisa dijadikeun conto ku urang Sunda jaman ayeuna jeung mangsa nu bakal datang, sarta nagwanohkeun karya sastra nu mangrupa novél ka siswa dina pangajaran di sakola.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga tujuan husus pikeun ngadéskripsikeun hal-hal ieu di handap.

- 1) Struktur carita nu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita novél *Prabu Wangisutah* karya Yoséph Iskandar;

- 2) Aspék moral nu nyangkaruk dina novél *Prabu Wangisutah* karya Yoséph Iskandar; jeung
- 3) Larapan hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca novél di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan téh dibagi jadi dua, nyaéta mangpaat nu sipatna tioritis jeung nu sipatna praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun panalungtik, nambahan jeung ngeuyeuban pangaweruh jeung pemahaman ngeunaan moral sarta bisa méré pangdeudeul dina maham jeung ngaprésiasi karya sastra hususna novél.
- 2) Pikeun akademik, hasil panalungtikan ngeunaan moral dina novel *Prabu Wangisutah* karya Yoséph Iskandar bisa dijadikeun pangdeudeul bahan pangajaran novél di SMA.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat, saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun guru, hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan pangajaran maca di SMA.
- 2) Pikeun siswa, bisa ngajembaran pangaweruh sarta pamahaman dina ngaprésiasi karya sastra, hususna ngeunaan ulikan struktural sarta moral.
- 3) Pikeun masarakat umum sangkan nambahan pangaweruh dina widang sastra, anu satuluyna bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan miboga pungsi pikeun méré gambaran ngeunaan léngkah-léngkah dina panalungtikan. Ieu skripsi disusun jadi lima bab, saperti anu dipedar ieu di handap.

Bab I mangrupa bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu dibagi

jadi tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu dibagi jadi mangpaat tioritis, mangpaat praktis, jeung raraga nulis skripsi.

Bab II eusina ngajéntrékeun ngeunaan tiori-tiori nu ngadadasaran jeung ngarojong kana panalungtikan. Ieu bab ngawengku ulikan pustaka nu eusina tiori ngeunaan novél, strukturalisme, moral, jeung bahan pangajaran nu dipatalikeun jeung masalah anu ditalungtik. Panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

Bab III eusina medar ngeunaan métode panalungtikan anu dipaké dina panalungtikan, nyaéta ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik panalungtikan (téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data), jeung instrumén panalungtikan.

Bab IV eusina ngeunaan analisis data jeung pedaran hasil panalungtikan anu dipatalikeun jeung tiori-tiori dina bab II.

Bab V eusina mangrupa kacindekan, implikasi, jeung saran pikeun panalungtikan saterusna. Kacindekan mangrupa jawaban tina daptar pertanyaan nu aya dina rumusan masalah. Saran atawa rékoméndasi ka pihak-pihak anu aya patalina jeung hasil panalungtikan, pikeun ayana lajuninglaku keur panalungtikan saterusna.